

Legal Services of Greater Miami, Inc.

Biro Prensipal

3000 Biscayne Blvd., Swit 500
Miami, FL 33137
(305) 576-0080

South Dade Law Center

11285 S.W. 211 Street, Swit 302
Miami, FL 33189
(305) 576-0080

Lé Entéviou San Randevou

Lendi - Jedi
9:00 a.m. - 12:00 p.m

Entéviou Nan Telefòn-n

Lendi-Jedi
1:30 p.m. - 4:00 p.m.
Vandredi
9am-12:00pm epi
1:30pm-4:30pm

Legal Services of the Florida Keys

11285 S.W. 211 Street, Suite 302
Miami, Florida 33189
Telefòn (877) 715-7464
TDD (877) 715-7461

ATANSYON: Enfòmasyon sa yo pa ka ramplase konséy on avoka. Chak ka diferan epi bezwen konséy legal ki konséne li. Ou ta dwe kontakte on avoka si ou bezwen reprezantasyon nan on problèm taks o sinon si ou genyen lòt kesyon.

Rev. 11/2010

**Legal Services
of Greater Miami, Inc.**

Deklarasyon Objektif Nou

Nou angaje nou avék pasyon pou Pouswiv Jistis Egal Ego Pou Tout Moun . Nan agresivite nou pou nou defann klyan epi pou nou itilize tout mwayen nesésé ak kolaboraté nou yo nan kominote a, nou fé tout efò nou pou nou sipòte klyan nou yo pou soulaje tribilasyon pòvrete yo.



www.lsgmi.org

**Legal Services
of Greater Miami, Inc.**

**Projé Edikasyon Ki Touche
Kominote Ayisyen an**



**LEJANN KI ANTOURE TÉM
“INCOME TAX RETURNS”,
“REFUNDS,” EPI “DEPENDENT
EXEMPTIONS” NAN
KOMINOTE AYISYEN AN**

**This project was supported by a grant
from the Dade Community Foundation,
Greater Miami’s permanent
endowment made possible by generous
donors since 1967.**

**Sponsored by the
Dade Community Foundation**

Ki sa ki on Lejann?

On lejan-n se on istwa o sinon on ide ki pa vré epi ki pa baze sou fé.

Ti livré sa-a ekri pou li klarifye paròl ki di konsénan “income tax returns,” “refunds,” epi reklamasyon pou “dependent exemptions” nan kominote Ayisyen an.

Ki sa “income tax” la ye?

“Income tax” se on lajan ou peye gouvénman federal la baze sou kombyen lajan ou touche. Gouvénman federal itilize lajan sa-a pou li peye pou lekòl, rout, benefis gouvénman, epi plizyé lòt program gouvénman epi ajans.

Ki sa “income tax return” lan ye?

“Income tax return” ou an se on fòm gouvénman ou rampli chak ane pou ou rapòte revni ou epi detémine kombyen lajan ou peye o sinon ta dwe peye nan taks. Ou rampli sa avék “Internal Revenue Service” ki se (IRS) nan dat 15 Avril pou pi ta chak ane. Lé ou siyen epi soumèt “return” nan bay IRS, Ou sétifye ke enfòmasyon sa yo a jou epi yo kòrék.

Ki sa “income tax refund” nan ye?

“On “income tax refund” se on lajan ki retounen vin-n jwen on endividi ki peye tròp lajan taks baze de on seri reklamasyon pou “exemptions” epi dediksyon nan “return” yo.

Nan Kominote Ayisyen an, anpil moun depann de on ban-n moun ki prepare taks ki malonèt pou rampli “income tax returns” yo pou yo ka jwen on pi gwo “income tax refund” posib. Li empòtan pou nou sensé nan “returns” nou, konpran-n fòm ke nou ap siyen an, peye pati egzat sévis taks ke nou tou benefisye de li, epi resevwa sélman sa nou an dwa pou nou resevwa soti nan men gouvénman federal.

LEJANN: Mwen ka chéche on moun ki ap

prepare taks ki ka ban mwen garanti ke mwen pral resevwa pi gwo “refund” posib. **FÉ: Montan taks ou dwe a baze sou régleman ke IRS fé. On moun ki prepare taks ki bon tout bon dwe konnen epi konpran-n tout régleman pou ou rampli “tax return” ou. IRS pémét on seri moun “exemptions” epi kredi pou travayé epi li fikse egzijans yo. Lé ou fé “return” ou, ou ka jwen swa ou dwe plis taks o sinon ou ka an dwa pou ou resevwa on “refund.”**

Moun ki ap prepare taks ou a ta dwe mande ou prév tout reklamasyon ou fé sou “tax return” ou an pou li ka asire li ke sa ou dwe a o sinon lajan ou ka resevwa-a (refund) kòrék. Régleman pou lajan ou dwe a o sinon lajan ou ka resevwa-a (refund) tré strik epi li paka negosye. Sonje ke ou dwe kenbe prév reklamasyon sa yo ki sou “returns” ou an tankou resi ou yo, fakti epi rapò.

LEJANN: Moun ki prepare fòm taks mwen yo pou mwen an se on profesyonél. Si IRS revize dosye mwen epi li trouve ke mwen dwe remèt lajan, mwen pa dwe enkyete mwen paske mwen konte sou on profesyonél.

FÉ: Men-si ou pran on profesyonél taks pou rampli fòm taks ou yo pou ou, li rampli fòm yo baze sou enfòmasyon ou ba li. Ou dwe siyen fòm yo tou. Lé ou siyen yo, ou sétifye ke enfòmasyon ou ba li yo vré epi yo kòrék sa fé ke ou responsab pou nimpòt ki eré ki sou “return” sa-a.

LEJANN: Si mwen fé on (sa ki rele) “rapid refund” lan o sinon mwen pran nan men moun ki prepare taks mwen an on “rapid anticipation loan”, mwen pral jwen plis lajan nan “refund” mwen epi mwen ap jwen lajan sa-a tré vit.

FÉ: “Rapid refunds” pran plizyé jou pou yo travay sou li, ou peye on fré an plis bay moun ki prepare taks ou a pou li travay sou “refund” sa-a epi aktyélman “refund” sa-a se on “loan/ypoték ke ou pran nan men moun ki ap prepare taks ou a. Lé sa-a gouvénman-an voye tout lajan ou ta pral resevwa-a bay moun ki te prepare taks ou a. Si gouvénman-an voye lajan sa-a pou ou dirékteman, li pran sélman a pe pré 2-4 semén-n epi ou pa bezwen peye on fré an plis. On moun ki

prepare taks ki pa bon ka kreye on LEJANN pou ou ka resevwa gwo lajan men sélman se pou li ka ba ou on pi gwo ypoték epi ogmante fré li ap touche. Ou pral responsab pou ou remèt lajan sa-a epi tout lajan an plis ke gouvénman-an te peye ou a.

LEJANN: Mwen ka reklame nimpòt timoun si paran li ban mwen pémisyon pou mwen reklame timoun nan.

FÉ: Gen plizyé kalite kredi o sinon “exemptions” ki gen rapò ak timoun; “Child Tax Credit,” “Dependent Exemption,” “Child Care Credit,” epi “Earned Income Tax Credit.” chak gen egzijans pa yo. Anvan ou reklame youn nan benefis sa yo, moun ki ap prepare taks pou a ta dwe poze ou kesyon pou verifye elijibilite ou pou yo chak. Pi souvan, timoun ou reklame dwe abite ak ou pou plis ke ½ nan on ane epi ou dwe te peye depans pou li pou plis ke ½ depans li. Refere ou a feyé ke mwen mete nan ti livré sa-a pou plis detay konséne moun ou ka reklame.

LEJANN: Mwen bezwen on Nimero Sosyal Sekirite (SSN) pou mwen fé “income tax return.”

FÉ: Ou bezwen on nimero SSN pou ou fé “tax return” ou. Ou ka jwen on Nimero “Individual Taxpayer Identification Number” (ITIN) si ou pa kalifye pou ou genyen on nimero SSN. Ou ka aplike nan “Internal Revenue Service” (IRS) epi ou itilize li pou taks sélman. ITIN pa afekte stati imigrasyon ou o sinon dwa ou pou ou travay legalman nan Etazini (U.S.)

LEJANN: Sél fason pou ou ka jwen éd kompetan ki pou ede ou prepare “tax returns” ou se pou ou pran on moun ki konn prepare taks pou fé-l pou ou.

FÉ: Pou ou prepare “tax return” ou gratis, kontakte “Volunteer Income Tax Assistance” (VITA) ki pré kay ou lé ou rele nan 1-800-906-9887. Volonté yo fòme epi yo sétifye pa IRS pou yo prepare prepare “returns” nan sezon taks. So si ou bezwen éd pou ou prepare taks lé li pa sezon taks, kontakte “Prosperity Center.” Pou sant ki tou pré ou, kontakte 311. Pou éd legal gratis avék on problém taks (ki pa gen pou li wé avék preparasyon taks) kontakte Legal Services of Greater Miami, Inc.

